



Pou Piblikasyon Imedya: 05/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEPLOGE EPI JWE: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE JISKA 100 MILYON DOLA
DISPONIB POU SANT KÒMINOTÈ MINISIPAL AK SANT KÒMINOTÈ SAN BI
LIKRAFIF YO**

***Bidjè pou ane fiskal 2026 la gen ladan l 100 milyon dola pou konstwi enfrastrikti
lwazi pou kominote yo, timoun yo ak granmoun aje yo***

***Finansman disponib kounye a pou Sant Kominotè Minisipal yo ak Sant Kominotè
san bi likratif yo; dat limit pou aplikasyon an se 3:00 PM 15 out 2025***

***Peryòd kesyon pou aplikasyon an ouvè a ap kòmanse 5 jen pou rive 20 jen 2025;
Videyo Webinè a ap disponib sou sitwèb NYS OPRHP ak DASNY NY BRICKS pou
reponn kesyon yo***

***"Unplug and Play" fè timoun yo depoze telefòn yo gras a finansman teren jwèt,
sant kominotè, pwogram espò bon mache ak opòtinite rekreyatif***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke finansman disponib nan nouvo pwogram sibvansyon kapital 100 milyon dola pou Konstwi Enfrastrikti Lwazi pou Kominote, Timoun ak Granmoun Aje (Build Recreational Infrastructure for Communities, Kids and Seniors, NY BRICKS). Gouvènè Hochul te jwenn finansman sa a nan Bidjè Ane Fiskal 2026 la pou sipòte minisipalite yo ak òganizasyon ki pa gen bi fè lajan yo nan bati oswa nan renove sant kominotè k ap favorize sante fizik, byennèt mantal, ak lyen kominotè pou jèn yo ak granmoun aje yo. NY BRICKS pral ofri sibvansyon ki rive jiska 15 milyon dola pou finanse konsepsyon, konstriksyon, renovasyon ak akizisyon tè pou sant sa yo. Y ap bay priyorite a pwojè nan zòn defavorize yo, epitou a sa k ap ofri sèvis bon mache tankou gadri, swen granmoun aje, ak konsèy pou sante mantal. Pwogram nan gen kòm objektif fè investisman k ap pote transfòmasyon epi k ap gen gwo enpak nan kominote lokal yo. Anons sa a baze sou inisyativ "Unplug and Play" Gouvènè Hochul la pou fè timoun yo depoze telefòn yo gras a finansman teren jwèt, sant kominotè, pwogram espò bon mache ak opòtinite rekreyatif.

"Chak Nouyòkè merite yon espas an sekirite epi akeyan pou yo grandi, konekte, epi pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap investi nan alavni kominote nou yo — n ap kreye sant aktif kote timoun yo ka jwe, granmoun aje yo ka rete aktif, epi fanmi yo

ka jwenn sipò yo bezwen an. Sa a se plis pase bati enfrastrikti — li gen pou wè ak bati opòtinite, ekite, ak byennèt nan chak kwen nan eta nou an."

Kòm yon pati nan Bidjè Gouvènè Hochul la pou Ane Fiskal 2026 la ak pwopozisyon sou Eta Leta a, NY BRICKS ofri sibvansyon ant 250,000 dola ak 15 milyon dola pou akizisyon, konsepsyon, konstriksyon oswa rekonstriksyon enstalasyon, bay gwo renovasyon, amelyorasyon, ak modènizasyon oswa reyabilitasyon sant kominotè yo. Yo pibliye Demann pou Aplikasyon (Request for Applications, RFA) pou finansman jodi a sou dasny.org ak parks.ny.gov.

Peryòd aplikasyon pou pwogram sibvansyon kapital NY BRICKS la ap ouvri 14 jiyè 2025 epi aplikasyon yo dwe soumèt anvan 15 out 2025. Yo prevwa anonse prim yo pa anvan 1e novanm 2025. Aplikasyon yo pral evalye sou karakteristik bezwen, enpak ak vyabilite pwojè yo. Sibvansyon NY BRICKS yo pral mande pou aplikan yo bay yon kontribisyon 20 pousan korespondan pou pri total pwojè a. Antite ki pa gen bi fè pwofi yo dwe resevwa yon estati prekalifikasyon apwouve nan Sistèm Finansye nan Tout Eta a (Statewide Financial System, SFS) anvan yo soumèt aplikasyon yo a epi yo dwe rete prekalifye pandan y ap siyen Akò Distribisyon Sibvansyon an epi peye tout demann yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta Nouyòk la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "DASNY fyè pou l administre sibvansyon NY BRICKS ki pral ranfòse kominote yo atravè Eta Nouyòk. Investisman sa yo nan sant kominotè yo reprezante plis pase jis bilding — yo se fondasyon pou katye ki pi an sante e ki pi konekte. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan jwenn finansman esansyèl sa a ki pral ede minisipalite yo ak òganizasyon san bi likratif yo kreye espas kote fanmi yo ak kominote yo ka pwospere."

Komisè Enterimè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta Nouyòk la, Randy Simons, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li priyorize investisman estratejik nan byennèt mantal ak fizik Nouyòkè yo. Pwogram NY BRICKS la pral ofri fanmi Nouyòkè yo plis opsyon pou yo dekonekte ak estrès chak jou a epi entegre aktivite ki bon pou sante nan lavi yo. Ajans nou an ap tann ak enpasyans pou l travay avèk DASNY pou lanse inisyativ sa a avèk patnè kominotè atravè eta a epi ede Nouyòkè yo jwi benefis pwouve ki vini ak aktivite lwazi ak fizik pandan tout ane a."

Senatè Eta a José Serrano, te deklare, "Antanke Prezidan Komite sou Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi, mwen kwè fèmman ke sant kominotè yo sèvi kòm yon mwayen pou konekte youn ak lòt epi ankouraje byennèt fizik ak mantal. Pwogram sibvansyon kapital NY BRICKS la ta ede elaji sèvis ki nesèsè anpil pou moun tout laj nan mond rapid jodi a. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, OPRHP, ak DASNY sensèman pou investisman transfòmatè ak gwo enpak sa yo nan kominote nou yo."

Inisyativ Unplug and Play Gouvènè Hochul la

Nouvo inisyativ Dekonekte epi Ale Jwe Gouvènè a konsakre 100 milyon dola pou konstriksyon ak renovasyon sant kominotè yo nan Konstwi Enfrastrikti Lwazi pou Kominote, Timoun ak Granmoun Aje (Build Recreational Infrastructure for Communities,

Kids and Seniors, NY BRICKS), 67.5 milyon dola pou inisyativ Plas pou Aprantisaj, Aktivite ak Sosyalizasyon Jèn (Places for Learning, Activity and Youth Socialization, NY PLAYS) k ap ede kominote Nouyòk yo konstwi nouvo lakou rekreyasyon ak renovasyon lakou rekreyasyon ki egziste deja; ak yon lòt 90 milyon dola pou kontinite inisyativ Investisman nan Tout Eta a nan Plis Natasyon (Statewide Investment in More Swimming, NY SWIMS) ki gen ladan 50 milyon dola pou yon pwogram sibvansyon konpetitif ki ede minisipalite yo pou renove ak konstwi enstalasyon natasyon yo ak \$40 milyon dola pou lòt investisman ki baze sou natasyon. Anplis de sa a, "Dekonekte, Soti", se yon inisyativ Gouvènè Hochul te lanse pou pwomouvwa sante fizik ak mantal lè li ankouraje timoun ak fanmi yo depoze ekran yo, pran yon repo sou rezo sosyal, pwofite lwazi ak aktivite deyò, epi bay priyorite ak sante mantal ak fizik yo an premye.

Biwo Gouvènè a, Biwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta Nouyòk la ak DASNY angaje yo pou ede kandida potansyèl yo prepare aplikasyon konpetitif. Peryòd kesyon aplikasyon an ouvè a kòmanse 5 jen 2025, epi tout kesyon yo dwe soumèt atravè [fòmilè NY BRICKS SurveyMonkey la ke ou ka jwenn isit la](#). Yo pral poste yon videyo wèbinè sou sitwèb NYS OPRHP ak DASNY NY (www.dasny.org ak www.parks.ny.gov) nan 25 jen 2025. Videyo sa a pral adrese kesyon yo resevwa anvan 20 jen 2025 epi revize RFA ak pwosesis aplikasyon an. Kesyon yo te resevwa apre yo fin poste videyo wèbinè a nan dat 25 jen 2025, epi anvan 3:00 p.m. nan 27 jen 2025, pral disponib sou menm sitwèb yo anvan 11 jiyè 2025. Yo bay detay konsènan soumèt kesyon yo nan RFA a ak sou sitwèb NYS OPRHP ak DASNY. Nou ankouraje tout kandida potansyèl yo pou yo revize RFA a, soumèt kesyon alekri, epi gade Webinè a paske yo pral eksplike pwosesis aplikasyon pou sibvansyon NY BRICKS la nan videyo webinè a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)